

## Plan Distri Adapte pou Kontinye Anseye Elèv K-12

**Lekòl Piblik Nayak la kreye yon plan pou tout Distri ka kontinye edike tout elèv anka lekòl nan distri yo vini fèmèn akòz de Corona Virus (COVID-19) la.**

Administratè ak pwofesè nan Distri ap devlope yon plan pou yo kontinye bay devwa lekòl, aktivite lakay, resous, sipò ak ases ki ka sipòte plan sa-a pou chak lekòl elemantè klas K-5 pou chak klas pou tout sijè pou elèv (klas 6-12) pou yon periòd de 2 semèn.

Pou nou asire ou ke tout pwofesè ap travay ansanm pou yo ka sèvi chak elèv e prepare anka lekòl ta fèmèn pou plis tan. Distri ya ap travay pou asire ke tout fanmi genyen yon konpitè disponib lakay yo pouka ede elèv rete konekte avèk pwofesè yo e pou yo genyen aksè ak aktivite scolè pandan yo lakay yo.

### **Kisa pou nou atan de pwofesè yo konsènan tan yo disponib:**

Tout pwofesè nan klas elèv la ap disponib de 9:30 a 12:00 chak jou. Pwofesè yo ap toujou cheke ak elèv, paran/gadyen via e-mail chak jou anka yo genyen keksyon sou devwa pitit yo.

### **Kisa pou nou atan nou konsènan responsablite devwa elèv yo:**

- **Nyack High Schools-** Elèv yo sipoze genyen aksè nan Google Classroom ou schoology kom yo toujou fè chak jou nan klas yo pou yok a jwen tout sa yo bezwen konsènan devwa. Si ou genyen keksyon kontakte pwofesè pitit ou. Anka lekòl ta fèmèn nap toujou genyen enstriksyon sou websyèt Distri ya. Elèv yo sipoze konplete tout devwa yo komsa yo te nan klas yo.
- **Nyack Middle School-** Tout devwa elèv Middle School yo, nou ka jwen nan Class Page pwofesè pitit ou. Elèv yo sipoze cheke e-mail lekòl la chak jou pou plis enfòmasyon Si elèv yo genyen keksyon yo ka voye yon e-mail by pwofesè.
- **Lekòl Elemantè-** Yon pake avèk tout devwa pitit ou yap voye lakay ou Vandredi, 13 Mas, 2020. Pake sa-a mete li a kote pa

ouvri li jiska ke lekòl nan distri deside femèn tout lekòl. Chak pake genyen devwa pou 2 semèn pou elèv yo kòmplete. Yon kopi digital pou elèv klas K-5 ap disponib pou chak jou lekòl nan websyèt la. An plis elèv yo ka itilize resous digital ki nan Google Classroom nan.

## **Direksyon pou aksè nan konpitè pou tout Distri ya, anka Distri fèmèn.**

### **1. Kijan pou jwen adrès e-mail pwofesè pitit ou (Klas, k-12)**

- Ale nan websyèt lekòl pitit
  - Nyack High School [www.hs.nyackschools.org](http://www.hs.nyackschools.org)
  - Nyack Middle School [www.ms.nyackschools.org](http://www.ms.nyackschools.org)
  - Liberty Elementary School [www.lb.nyackschools.org](http://www.lb.nyackschools.org)
  - Upper Nyack Elementary School [www.un.nyackschools.org](http://www.un.nyackschools.org)
  - Valley Cottage Elementary School [www.vc.nyackschools.org](http://www.vc.nyackschools.org)
- Click on “Menu” in upper left corner on your cell phone/device
- Click on “About Us”, then “Directory” to view a listing of all staff email addresses

### **2. Kijan pou jwen devwa nan konpitè**

**Pou tout Klas (K-12)** – Tout pwofesè ofri *eChalk* Class Pages ki nan websyèt lekòl la. Genyen yon sèl antre pou jwen *eChalk* pou tout elèv, paran ak gadyen. Tanpri swiv direksyon, anba pou jwen *eChalk* Class Page. Si pwofesè pitit itilize Google Classroom, wap jwen li nan *eChalk*, avèk lòt resous ke pwofesè yo poste

**Pou nou genyen aksè nan eChalk Class Pages – Ale nan adrès ki nan websyèt la. Epi swiv anba a:**

- **Pou Lekòl Elemantè:**
  - In the Menu bar, click on “Teaching & Learning” then “Class Pages”
- **Pou Middle School:**
  - In the Menu bar, click on “Families/Students” then “Class Pages”

- **Pou High School:**

- In the Menu bar, click on “Families/Students” then “Class Page Directory”

**3. Pou plis èd teknoloji: avèk KONPITÈ DISTRI yo rele: 845-353-7075, 10am-4pm**

Lendi – Vandredi. Si pitit ou genyen pwoblèm ak konpitè e mifi distri ya prete nou an , tanpri rele nimewo sa-a kite yon mesaj, avèk non e telefòn ou e yon asistan ap rele ou.